# Халық билимлендириўиндеги бүгинги жаңалықлар ҳәм өзгешеликлер

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы жәми 725 улыӯма орта билим бериӯ мектеби, 1 Мехрийбанлық үйи ҳәм 18 Бәркамал әўлад  балалар орайлары бар. 2019-2020-оқыӯ жылы да бир неше күнлерден соң жуӯмақланады. Әлбетте, жуӯмақланып атырған оқыӯ жылы халық билимлендириӯ тараӯында әҳмийетли жаңалықларға, жетискенликлерге, оқыӯшыларымыздың түрли таңлаӯ ҳәм жарысларда табысларға бай болды десек, асыра айтқан болмаймыз. Солайда, Өзбекстан Республикасына коронавирус пандемиясының кирип келиӯи ҳәм оның алдын алыӯ мақсетинде, усы жылдың 16-март сәнесинен баслап, улыӯма орта билим бериӯ мектеплеринде де оқыӯ ӯақтынша тоқтатылды. 30-март сәнесинен баслап, оқыӯ жылының IV шерегиниң басланыӯы мүнәсибети менен улыӯма орта билим бериӯ мектеплеринде билим бериӯ өзбек ҳәм рус тиллеринде алып барылатуғын класслар ушын телесабақлар Миллий телерадиокомпаниясының 3 каналы (National Geography Wild, Eurosport ҳәм Охота и рыбалка) арқалы эфирге узатыӯ жолға қойылған болса, Қарақалпақстан Республикасында билим бериӯ қарақалпақ тилинде алып барылатуғын класслар ушын Қарақалпақстан телерадиокомпаниясының  телеканалы арқалы ҳәр күни телесабақлар эфирге узатылып келинбекте. Бүгинги күнге шекем «Қарақалпақстан» телеканалы арқалы тәжирийбели пән методистлери ҳәм муғаллимлери тәрепинен 600 ге жақын телесабақлар сүӯретке алынып, эфирге узатылыӯы тәмийинленип атырған болса, Нөкистиң «Жаслар» телеканалы арқалы тәкирар түрде эфирге берилиӯи жолға қойылған. Министрлик тәрепинен «kk_online mektep» телеграм каналы ашылған болып, онда барлық сүӯретке алынған телесабақлар өз ӯақтында усы канал арқалы 1-11-класс оқыӯшыларына жеткерилиӯи тәмийинленип барылды ҳәм буннан муғаллимлермизде пайдаланып барыӯы жолға қойылды.

Image not found or type unknown

Телесабақларларды эфирге таярлаў барысында улыўма орта билим бериў мектеплеринен ең тәжирийбели пән муғаллимлери таңланып алынып, 138 пән муғаллими ҳәм 11 сурдопедагог белсене қатнасты. Телесабақларды эфирге узатыўда, ең әўеле, усы процессти шөлкемлестириўде бизди қоллап-қуўатлаған Қарақалпақстан телерадиокомпаниясының дөретиўшилик жәмәәтине көп санлы оқыўшылар ҳәм ата-аналардың атынан шексиз миннетдаршылығымызды билдиремиз.

Соны да айтып өтиў орынлы, телесабақларды сүўретке алыўда қысқа мүддетте кең көлемли жумыслар әмелге асырылды. Бул әмелият биринши мәртебе болғанлығы себепли муғаллимлеримиз телесабақлар өтиў көнликпесине, яғный жетерли тәжирийбеге ийе емес еди. Деген менен, орын алған кемшиликлерден өз ўақтында жуўмақ шығарып, күткен нәтийжелерге еристик деп ойлаймыз ҳәм улыўма орта билим бериў мектеплеринде билимлендириўдиң үзликсизлиги толық тәмийинленгенлиги бул бизиң жетсикенлигимиз болып есапланады.

Сондай-ақ, министрлик тәрепинен эфирге берилген телесабақлар туўралы усыныс ҳәм пикирлер алыў ушын социаллық тармақта арнаўлы телеграм бети ашылды. Онда келип түскен пикир-усынысларды қәнигелер менен үйренилип шығылды ҳәмде телесабақлардың сапасын күннен күнге жақсылаў илажлары көрилип барылды.

Және де билимлендириў мекемелеринде пән муғаллимлери карантин дәўиринде оқыўшылар менен аралықтан (онлайн түрде) ислесиўин тәмийинлеў мақсетинде, өзбек ҳәм қарақалпақ тиллеринде «Методикалық усыныс» ислеп шығылып, бәрше улыўма орта билим бериў мектеплерине жеткерилди.

Республика арнаўлы комиссиясының қарарына муўапық, халық билимлендириў тараўындағы мәкемелеринде 2019-2020-оқыў жылы «Онлайн мектеп» жойбары тийкарында шөлкемлестирилген аралықтан телесабақлар арқалы жуўмақлаў белгиленген. Яғный, Президентимиз тәрепинен карантин ўақтында халыққа илажы барынша қолайлықлар жаратыў бойынша белгиленген ўазыйпаны әмелге асырыў ҳәмде көпшилик ата-аналардың илтимасларына бола, бул оқыў жылындағы жуўмақлаўшы имтиханлар бийкар етилди.

Мектеплерде оқыўшылардың жыллық баҳаларын алдыңғы 3 шеректеги баҳалары негизинде шығарыў режелестирилди. Усы орында эфирге берилип барылған телесабақлар арқалы перзентлери менен сабақ таярлаған бәрше ата-аналарға да өз миннетдаршылығымызды билдиремиз.

Мағлыумат ушын айтып өтсем: «online-maktab» жойбарына қатнасқан тәжрийбели пән оқытыўшылары ҳәм сурдопедагогларға тийкарғы ис ҳақысынан тысқары қосымша ис ҳақы төленип барылды.

2019-2020-оқыў жылында Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине қараслы улыўма орта билим бериў мектеплериниң 9-класын 27 329 оқыўшы хәм де 11-классты 24 913 оқыўшы питкерип шығады. Бул питкериўшилер ушын аттестат ҳәм шаҳодатнамаларға Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине буйрытпалар берилди.

Айырым оқыўшылар ҳәм ата-аналарда сораў туўылыўы тәбийий, яғный, оқыў жылы жуўмақланғаннан соң, оқыўшылардан сабақлықлар қайтарылып алынама? - Оқыўшыларға сабақлықлар “Улыўма билим бериў мектеплерин сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбалар менен тәмийинлеў тәртиби ҳаққында»ғы нызам тийкарында ижараға берилген. Ҳәзирги жағдайдан келип шығып, сабақлықлар карантин дәўири жуўмақланғаннан соң, оқыўшылар тәрепинен китапханаға қайтарып бериледи. Сонында еслетип өткен болар едим, мектеп питкериўшилерине аттестат нусқалары ҳәм мағлыўматлар онлайн түрде бериледи.

Сондай-ақ, оқыўшылардың жазғы дем алысы дәўириндеги бос ўақытларын мазмунлы өткериў мақсетинде, телесабақлар берилетуғын 3 канал арқалы «online-maktab», «online-to’garak» ҳәмде «online-kasbiy rivojlantirish» жойбарларын әмелге асырыў ҳәмде бул бойынша республикалық дөретиўшилик топарын қәлиплестириў режелестирилген. Яғный, усы жылдың июнь айынан баслап «online-to’garak» ҳәм «online-kasbiy rivojlantirish» жойбарлары эфирге бериле баслайды. Бунда «online-to’garak» жойбарында оқыўшыларға инглис тили, техникалық дөретиўшилик, музыка ҳәм басқа да дөгереклер бойынша видеосабақлар бериледи. Ал, «online-kasbiy rivojlantirish» жойбарында болса, пән оқытыўшыларын жаңа оқыў жылына таярлаў мақсетинде олар ушын қысқа мүддетли курслар берилип барылады. Усы жылдың июль-август айлары даўамында 2020-2021-оқыў жылы ушын улыўма билим бериў мектеплериниң 1-классына республикамыз

бойынша 37 335 оқыўшыны орнатылған тәртипте қабыллаў нәзерде тутылған.

Мәмлекетимиздиң ертеңги келешегин жаслар қурайды. Солай екен, бүгинги күнде пандемия дәўирине қарамастан, Президентимиздиң басламасы менен билимлендириў тараўында да басқышпа-басқыш жаңаланыўлар, өзгерислер әмелге асырылмақта. Әлбетте, буннан гөзленген мақсет – оқытыўшыларымыздың заман талабына сай билимли болыўы, камал таўып атырған перзентлеримиздиң келешеги жарқын болыўына тийкар жаратады.

Аяпов Аманжол Тлепович

Қарақалпақстан Республикасы Халық билимлендириў министри